

Règleman 5.1814 Konsekans ki pi sevè pou zak vyolan

1. Definisyon.—Jan li itilize la a, ekspresyon "konsekans ki pi sevè yo" kapab siyifi ekspilsyon yon elèv pou rès ane lekòl la ak pwochen ane eskolè a ann antye, jan lwa § 228.041(26) eta Florid pèmèt li a, san re akseptasyon avan lè, epi ak rekòmandasyon pousuit jidisyè pou zak kriminèl.
2. Diskresyon. -- Selon SBER 6A-1.0404(3), seksyon apre sa yo pa dwe itilize pou retire pouwa diskresyon direktè/tris lekòl la oswa reprezantan li, administrasyon Distri a oswa komite dirijan distri a nan ka kote sikonstans atenyant yo kab afekte desizyon ki pran sou aksyon disiplinè.
3. Konsekans.—Daprè jan règleman 6A-1.0404(2) Konsèy Administrasyon Depatman Edikasyon egzije la, se règleman komite dirijan lekòl la ke elèv yo resevwa konsekans ki pi sevè si yo jwenn yo komèt ofans apre yo sou pwopriyete lekòl, nan transpò lekòl sipòte, oswa pandan yon aktivite lekòl sipòte:
 - a. omisid (touye, ansasinen) yon elèv, anplwaye distri a, manb komite dirijan distri lekòl, oswa nenpòt lòt moun;
 - b. fè kadejak sou yon elèv, anplwaye distri, manb komite dirijan lekòl, oswa nenpòt lòt moun;
 - c. vòl a men ame sou yon elèv, anplwaye distri a, manb komite dirijan distri lekòl la, oswa nenpòt lòt moun;
 - d. Agresyon fizik grav sou yon elèv oswa lòt moun, ki pa site nan paragaf (e);
 - e. Frapè oswa atake yon pwofesè, yon lòt anplwaye oswa yon manb komite dirijan distri lekòl la ;
 - f. Kidnape oswa anlve yon elèv, yon anplwaye distri, yon manb komite dirijan distri lekòl oswa nenpòt lòt moun;
 - g. Mete dife;
 - h. posesyon, izaj, oswa vant nenpòt zamafe; oswa
 - i. posesyon, izaj, oswa vant nenpòt aparèy eksplozif.
4. Anplis, yo kab enpoze konsekans ki pi sevè a si yo ta jwenn yon elèv te fè yon kèlkonk menas alekri oswa aloral ak entansyon pou blese fizikman oswa touye nenpòt lòt elèv nan distri a, nenpòt anplwaye distri a oswa nenpòt manb komite dirijan distri a (kèlkilanswa kote menas la te fèt).
5. Nan kad lwa § 230.23(6)(d)11 Eta Florid la, yo kab enpoze konsekans ki pi sevè a tou lè yon elèv komèt ofans sa yo konsènan lekòl la oswa pwopriyete anplwaye lekòl, sèvis transpò lekòl la, oswa yon aktivite lekòl sipòte:
 - a. Fè menas pou voye, pwojete, poze oswa deklanche nenpòt aparèy oswa anjen destriktif ki reponn ak definisyon ki nan lwa § 790.001(4) Eta Florid la, ak entansyon pou blese fizikman nenpòt moun oswa ak entansyon pou kraze oswa detwi pwopriyete nenpòt moun; oswa
 - b. Fè fo rapò, ak entansyon pou twonpe, dezenfòmè oswa bay nenpòt moun manti, osijè plase oswa poze nenpòt kalite bonb, dinamit oswa lòt eksplozif mòtèl oswa ankò, zam destriksyon masif.

OTORITE LEGAL: §§ 230.22(2); 230.23(6); 230.23(22); 230.23005(1), Fla. Stat.

LWA ANVIGÈ: §§ 228.041(26); 230.23(6); 230.23005(1); 230.23015; 232.25(3); 232.26; 232.27(3); 784.081; 790.162; 790.163, Fla. Stat.

RÈGLEMEN SIPLEMANTÈ F.A.C. r. 6A-1.0404
KOMITE ETA:

DOSYE ISTORIK: 2/12/02